



### Elèv Summer Rising plane wo... avèk èd kominote a

Chè Nouyòkè,

Pandan mwa out la ap ale a, m ap reflechi sou pwogram popilè [Summer Rising](#) nou an, pou mwen ki ranfòse enpòtans patenarya kominotè solid ki fè timoun yo kontinye aprann pandan mwa ete yo. Pwogram aprantisaj ete gratis nou an pou elèv klas kindergarten-8yèm ane atravè vil la te bay timoun chans pou yo grandi, aprann, ak eksplòre talan yo atravè aktivite amizan ak anrichisan. Mwen te kontan vizite lokal atravè vil la epi m te tande kijan bèl pwogram sa a, yon patenarya avèk [Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè](#), te fè yon vrè diferans nan lavi timoun.

Nan [P.S. 55 Benjamin Franklin](#), yon lekòl kominotè nan Bronx, mwen te obsève elèv k ap rezoud pwoblèm matematik konplèks, choute yon boul nan teren foutbòl klas mondyal lekòl la, epi tire panye sou nouvo teren baskètbòl la. Direktè Luis Eladio Torres, ke mwen konnen depi plizyè ane, se yon defansè detèmine pou kominote li a; gras avèk efò li, lekòl la gen yon nouvo kafeterya byen bèl, yon dantis sou plas, ak yon jaden kote elèv yo kiltive pwodui pou kominote lekòl la. Mesye Torres fè konnen inovasyon sa yo posib se grasa patenarya solid avèk òganizasyon kominotè (CBO) [BronxWorks](#) ak [SCAN-Harbor](#). Ala yon bon anviwònman pou aprann!

Mwen te renmen tou pase tan nan P.S. 132 Juan Pablo Duarte, yon lekòl kominotè nan Washington Heights. Mwen te vizite lekòl la pandan pòsyon ranfòsman pwogram lan CBO [Catholic Charities Community Services, Archdiocese of New York](#) t ap dirije, epi mwen te obsève elèv k ap aprann fizik pandan y ap kreye *roller coaster* avèk plat an papyè. Mwen fyè anpil dèske lekòl la gen yon

*laundromat* nan sousòl la epi li gen yon *food pantry* k ap fonksyone grasa patenarya yo genyen avèk [Urban Arts](#), Direktè Lekòl Kominotè Domingo Estevez, ak lòt gwoup lokal, sa ki ogmante aksè pou timoun jwenn manje nourisan ak rad pwòp.

Summer Rising refilete misyon nou pou kreye opòtinite ki gen objektif ak entansyon pou elèv yo aprann andeyò kat miray salklas la pandan y ap devlope ladrès ki pral sèvi yo byen nan pwochen ane lekòl la. Patenarya kominotè ki nan kè pwogram sa a vrèman pote bon rezilta pou timoun: avèk plis pwomnad, plis opòtinite ranfòsman, plis patisipasyon nan art, kilti, ak syans, ak sipò sosyal-emosyonèl pi solid. Sa ki pi bon an se wè elèv ap aplike konpetans yo nan mond reyèl la, epi ouvri yon chemen nan avni briyan yo merite.

Aprè m fin tande kijan yon kantite elèv te pwospere de mwa ki sot pase yo, mwen gen pi gwo espwa toujou pou reyalizasyon nou gen pou fè ann otòn lan. Mwen espere ou jwi rèss ete w la, epi m ap tann pou wè timoun ou yo lekòl nan mwa septanm lan.

Plane wo,

David C. Banks  
Chanselye

### Vedeyo aktyalite nou an



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Si w pa vle resevwa mesaj imèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).